



PWOSÈ VÈBAL
ODYANS AK REYINYON KOMITE LEKÒL BOSTON SOU BIDJÈ ANE FISKAL 2023
A.

6 Avril 2022

Komite Lekòl Boston nan te òganize yon reyinyon nan dat 6 Avril 2022 a 5 p.m. sou Zoom. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sa ki ekri anba yo, ale sou www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee, imèl feedback@bostonpublicschools.org oswa rele Biwo komite lekòl Boston nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Komite a ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael D. O'Neill; Stephen Alkins; Brandon Cardet-Hernandez; Lorena Lopera; Rafaela Polanco Garcia; ak Reprezantan Elèv yo ki se Xyra Mercer.

Manm Komite Lekòl ki Absan yo: Quoc Tran

DOKIMAN YO TE PREZANTE

Ajanda

Rapò Reyinyon: 23 Mas 2022

Rekòmandasyon Prim pou Rechèch Kad pou Sipè-entandan Lekòl Piblik Boston yo

Nòt Kouvèti Rekòmandasyon Deskripsyon Travay Sipè-entandan an

Deskripsyon Travay Sipè-entandan an:

Sibvansyon pou Apwobasyon ki Totalize \$115,174

Nòt Rekòmandasyon Prim pou Rechèch Kad pou Sipè-entandan Lekòl Piblik Boston yo

Nòt Pèman Pwovizwa Salè yo ak Non Pèsonèl yo sou Fon Ekstèn

Pwogram Debaz pou Prezantasypn MSBA

Prezantasyon Renouvèlman Transdev

6 Avril 2022

Deklarasyon Enpak sou Ekite nan Pwolongasyon Kontra Transdev la

RAPÈ A LÒD

Prezidan Jeri Robinson te kòmanse reyinyon an e te fè moun yo fè sèman angajman. Madam Sullivan te fè apèl. Mesye Tran te absan. Mesye Cardet-Hernandez te rive touswit apre apèl la. Tout lòt manm yo te prezan.

Madam Robinson te di ke reyinyon aswè a ap difize andirèk sou Zoom. Epi li pral redifize sou televizyon Boston City TV. Epi, y ap pibliye l sou bostonpublicschools.org/schoolcommittee ak sou Youtube. Li te anonse sèvis entèpretasyon similtan an disponib nan lang Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap Vèdyen, Vyetnamiyen, Kantonèz, Mandaren ak Lang siy Ameriken (ASL). Entèprèt yo te prezante yo epi yo te bay enstriksyon nan lang matènèl yo sou kijan pou yon moun jwenn entèpretasyon pandan reyinyon an ap fèt la nan chanje chanèl zoom lan. Yo te afiche dokiman reyinyon ki tradui yo nan www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee avan kòmansman reyinyon an.

Anons: Prezidan Robinson te anonse yo te rapòte prezantasyon Règleman Notasyon Ekitab ki pwogram pou reyinyon sa pou bay Sipè-entandan ansanm ak ekip li plis tan pou rafine pwopozisyon ak angaje l avèk aksyonè yo. Yo planifye yon prezantasyon pou devan pandan prentan sa a.

APWOBASYON PWOSÈ VÈBAL RANKONT LAN

Apwouve – Nan apèl la, Komite a ansanm te apwouve pwosè vèbal reyinyon 23 Mas 2022 Kominite Lekòl la.

RAPÒ SIPÈ-ENTANDAN AN

Lè yo te fin prè nèt pou yo kòmanse.

Mèsi, Madam Prezidan, epi mèsi dèske nou rejwenn nou aswè a. Mwen genyen kèk mizajou ke mwen vle pataje anvan mwen antre fon nan prezantasyon pou aswè a.

Tou dabò, Avril se Mwa Akseptasyon Otis. Oparavan, deziyasyon sa te Mwa sou Sansibilizasyon Otis, men Autism Society of America te chanje l an "Akseptasyon" nan lane 2021 an. Malgre revizyon an parèt senp, li esansyèl pou n ede deklannche yon chanjman nan lavi sila ki gen otis yo ak nan lavi fanmi yo. Sansibilizasyon se lè w konnen yon moun gen otis pandan akseptasyon an montre enklizyon. Pandan mwa Avril la, an nou pran tout tan nou pou n selebre karaktè inik chak timoun pote nan kominote nou an, epi nou rekonèt fanmi ansanm ak kominote lekòl ki sipòte yo.

Bòn Jounen Parapwofesyonèl epi bon Semèn Apresiyasyon Direktè Adjwen.

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

6 Avril 2022

Mwen ta renmen tou pran tan an pou m rekonèt jodi a kòm Jounen Nasyonal pou Elèv Atlèt. Jodi a, nou rekonèt epi nou onore tout atlèt BPS yo pou gwo travay yo fè ansanm ak reyalyasyon eksepsyonèl antanke elèv atlèt. Yo atenn ekselans nan domèn akademik ak atletik, pandan yo pote tou gwo chanjman nan chak grenn nan pwòp lekòl ak kominote yo. Mwen fyè nan BPS de devouman w ak angajman w — kontinye bon travay sa a!

Jan w ka petèt te wè sa nan nouvèl, gen yon ogmantasyon enkyetan nan ensidan vyolans nan katye nou yo pandan semèn ki sot pase yo. Istwa fè nou konnen pandan tan an fè pi cho epi gen plis okazyon pou sòti deyò, n ap remake kalite ogmantasyon sa yo. BPS ansanm ak Biwo Sèvis Sekirite nou yo kenbe kontak sere sere sou yon baz regilye avèk Depatman Polis Boston nan ansanm ak Biwo Sekirite Piblik Majistra a.

Toude ajans yo te enfòm nou epi nou pataje enfòmasyon yo avèk Responsab Lekòl yo. Nou rete an kontak chak jou avèk patnè nou yo epi n ap travay sou yon estrateji kontini pou nou asire lekòl nou yo san danje pou elèv ak anplwaye nou yo. Gras ak ogmantasyon aksè nan konsèy ak travayè sosyal yo ansanm ak wòl pwolonje Espesyalis Sekirite nou yo, BPS ap travay pou l bay aksè nan sèvis sipò pou elèv yo, ansanm ak liy kominikasyon pami manm anplwaye yo. Epitou, nou asire tout salklas yo ansanm ak tout lekòl nou yo gen plan sekirite ki endike yo kòman pou yo pi byen reyaji fas ak nenpòt ensidan. Epitou, n ap travay sou mezi prevantif tankou revize tout dokiman yo, tankou kamera ak detektè metal. Mwen nonmen yon Komite Sekirite ki gen ladan l lidè ki soti nan plizyè depatman ki ap reyini regilyèman pou yo revize done yo ak pou yo pale ak Responsab Lekòl yo. Apresa, komite a soumèt mwen rekòmandasyon sou ajisteman ak adisyon ki fèt nan plan sekirite nou yo. Nou fè pati yon repons ki pi laj ki kowòdone nan tout vil la epi n ap bay mizajou tout pandan rès ane lekòl la toutotan nou kapab.

Mwen te mansyone mizajou sa yo nan randevou ki te fèt avan yo, men mwen vle pataje enfòmasyon ki pi resan yo pwiske BPS panse pase a yon règleman kote moun ka mete mask si yo vle nan lekòl nou yo. Jan w pral raple w sa a, Komisyon Sante Piblik Boston nan te anonse pandan reyinyon piblik ki te fèt 9 Mas la yo rekòmande pou BPS panse pase a règleman kote moun ka mete si yo vle a lè Vil Boston atenn yon to mwayèn sèt jou ki pwòch 10 nouvo ka pozitif pou chak 100,000 rezidan. Yo te rekòmande chif sa selon revizyon yo fè sou done yo, epi yo kontinye bay rekòmandasyon kòm makè pou lè BPS dwe panse fè chanjman an. Apati jodi a, Vil la gen an mwayèn 28.8 nouvo ka pozitif pou chak 100,000 rezidan. Sa plis pase doub nouvo ka yo anrejistra nan vil nan kòmansman mwa Mas la — kidonk nou poko fè pwogrè antanke yon Vil pou n kapab atenn nivo sa a. Nou toujou ap fè konvèsasyon cahk jou avèk Komisyon Sante Pibli Boston an epi n ap revize tout lòt pwotokòl sante ak sekirite yo tou. Epitou, nou konnen pandan tan an vin pi cho nou kapab kòmanse louvri plis fenèt e kòmanse fè aktivite yo deyò. Youn nan domèn kote nou tout dakò pou n wè pwogrè ladan se nan to vaksinasyon pou elèv yo. BPS kontinye òganize klinik vaksen gratis nan lekòl nou yo epi li ankouraje tout moun ki elijib pou yo pran vaksen ak dòz rapèl. N ap kontinye kenbe fanmi nou yo enfòm pandan n ap konsidere rekòmandasyon BPHC fè yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou vaksen yo ansanm ak yon lis pwochen klinik vaksinasyon nan lekòl BPS, tanpri, ale sou www.bostonpublicschools.org/vaccines.

Semèn pase a, Depatman edikasyon elemantè ak segondè eta (DESE) a te fini yon revizyon swiv sou distri BPS la. Toudabò, mwen vle bay yon remèsiman espesyal ak pataje yon moman rekonesans pou tout Ekip BPS la pou travay solid e rapid yo fè pou yo fè preparasyon pou vizit semèn pase a. Pou prepare revizyon swivi a, ekip nou an te rasanble e soumèt plis pase 200

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

6 Avril 2022

dokiman, ki gen ladan yo yon rezime 40 paj sou pwogrè nou depi dènnye rapò revizyon distri a nan lane 2020 an. Epitou, nou te soumèt yon dokiman konklizyon ki te rezime sa ekip revizyon an te wè pandan obsèvasyon nan salklas yo ak pandan entèvyou yo avèk manm anplwaye, fanmi, elèv ak aksyonè kominotè yo. Tout materyèl sa yo te raple yon lòt fwa pwogrè BPS fè depi premye revizyon an nan lane 2020 an. Nou pa t sèlman reziste pandan pandemi an ak efò rekiperasyon kontini yo, men nou te fè gwo pwogrè ak pwogrè estratejik tou.

Nou di ekip revizyon Eta a mèsè dèske yo te pran tan pou yo aprann sou pwogrè nou pandan de ane ki sot pase yo. Nou kwè Eta a pral wè pwogrè nan oryantasyon pedagogik nou nan alfabetizasyon ekitab, yon konsantrasyon sou Sistèm Sipò ki Gen Plizyè Nivo a antanke yon pwen dankraj pou distri a yon plan estratejik ki klè e ki sibler ki sèvi kòm etwal nò distri a, pwogrè ki fèt pou n rive gen yon kò pwofesoral ki plis divèsifye ni sou plan lengwistik ni sou plan rasyal ak etnik, yon angajman pwofon avèk komite lekòl ak ansanm ak gwo sipò pou elèv nou yo, ansanm ak envestisman kle pou distri a atravè Garanti Kalite. Nou prevwa resevwa rapò a nan mitan mwa Me a. M ap kontinye kenbe w enfòmè.

Jis yon brèf mizajou sou negosiyasyon sendika a pwiske mwen konnen kominote a ap swiv depre. Nou pran angajman pou n konkli akò ki byen apwopriye pou manm anplwayer nou antanke moun ki plis travay sere sere avèk elèv nou yo. Mwen menm ak ekip mwen an te kontinye konvèsasyon avèk alafwa Sendika Pwofesè Boston yo ak Sendika Chofè Bis yo pou n chèche jwenn priyorite nou diskite yo antanke yon Komite Lekòl. N ap kontinye kenbe Komite a ansanm ak piblik la enfòmè sou negosiyasyon nou yo pandan n ap kontinye devlope estrateji avèk patnè nou yo nan Biwo Majistra a ak nan Meri a pou n rive konkli akò sou kontra sendika nou yo.

Pandan n ap chèche aplike kad Garanti Kalite a, nou toujou aprann de anplwaye ak fanmi yo sou nesite pou n abòde bezwen kontini ak bezwen alontèn yo defason pi dirèk nan etablisman yo. Yon ekip entè-fonksyonèl nan departman BPS la nan domèn Fonksyonman ak Finans ap reyini regilyèman pou yo revize bezwen nan batiman lekòl nou yo ak pou yo bay konsèy sou mechè chimen pou swiv la. Epitou, nou an kontak sere avèk ekip la nan Meri a pandan n ap egzamine batiman BPS yo nan kontèks tout batiman Vil la ansanm ak fason nou kapab alouwe resous pou n rezoud pwoblèm imedyà pandan n ap travay tou pou n aplike vizyon nou pou tout batiman lekòl BPS yo. Aktyèlman, n ap bay mizajou pou fanmi ak anplwaye ki nan lekòl Sumner, Mendell ak lekòl Blackstone yo. Mwen konnen gen plizyè fanmi Sumner ki prezan la jodi a pou pale sou posiblite pou yo itilize Irving School olye de espas BCYF yo pou yo pa deplase pwogram kominotè ki enpòtan yo nan sant kominotè a ki nan Roslindale. N ap kontinye konvèsasyon sa yo avèk vil ansanm ak ekip Fonksyonman nou an pou nou kapab asire mechè espas pou klas 6yèm ane Sumner a. Otòn pase, pa t gen bon opsyon pou te gen agrandisman epi yo te mande ekip la pou l asire l sa fèt. Pwiske nou te panse Irving pa t yon opsyon akòz konstriksyon li, opsyon sa pa t fè pati plan an. Ekip fonksyonman an te enfòmè nou denyèman an ke renovasyon nan Irving yo ap sitou ladan yo konsepsyon, pandan y ap mete lekòl la disponib pou itilizasyon, sa ki ta ka vle di nou pa t ap gen pou deplase pwogram kominotè ki pi laj yo nan Roslindale Community Center. N ap kontinye angaje nou avèk responsab lekòl la ansanm ak kominote Sumner pandan n ap avanse nan agrandisman klas 6yèm ane a. M ap pote mizajou sipleman pou Komite a nan semèn k ap vini an

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

6 Avril 2022

Mwen te vle bay nou tout yon mizajou sou notifikasyon sou deziyasyon ak sou enskripsyon pou ane lekòl 2022-2023 a. Yo te voye premye gwoup notifikasyon sou deziyasyon yo pa imèl jou ki te Jedi 31 Mas la. Notifikasyon sa yo se pou elèv ki te enskri ant 5 Janvyè ak 7 Fevriye 2022 epi ki pral antre nan klas K0, K1, 6yèm, ak 9yèm ane nan mwa Septanm lan. Yo te voye lèt notifikasyon sou deziyasyon yo pa imèl oswa pa lapòs. Si w pa gen yon adrès imèl nan dosye w, ou pa resevwa imèl la oswa w pa t resevwa lèt sou fòm pape a, tanpri, rele Sant Akèy BPS la nan BPS Welcome Center at 617-635-9010 pou konnen deziyasyon lekòl ou a. Ou kapab konfime tou plas elèv ou a pou pwochen ane lè w rele Sant Akèy BPS la nan 617-635-9010 oswa lè w ale sou www.bostonpublicschools.org/rsvp. W ap bezwen nimewo Idantifikasyon elèv ou a ansanm ak kòd RSVP w la, ou kapab jwenn toule de nan lèt notifikasyon sou deziyasyon w lan.

Mwen konnen manm Komite yo kirye konsènan rezilta gwoup la ak sa n ap aprann sou chwa fanmi yo. Depi yo te fèk trere gwoup la, ekip la pa t gen ase tan pou yo te kalkile tout nonb yo, men mwen kapab pataje kèk pwèn done davans epi mwen kapab founi plis enfòmasyon konplè nan yon swivi. Pa enkli deziyasyon edikasyon espesyal, ki swiv yon pwosesis diferan, 96% nan aplikan K1 yo te benefisye youn nan twa chwa prensipal yo, kote plis pase 80% ki benefisye premye lekòl chwa yo. Sonje, K0, ki te gen yon ogmantasyon nan aplikan yo epi li gen mwens plas, analize anpil eleman diferan: sèlman apeprè 40% nan aplikan yo ki te benefisye youn nan twa chwa prensipal yo, ak sèlman 33% te benefisye chwa li. Sepandan, nan klas 6yèm ane a, 91% nan aplikan te benefisye youn nan twa chwa prensipal yo, avèk 70% ki benefisye premye chwa yo.

Pandan n ap pale de sa a, y ap voye envitasyon nan lekòl egzamen pou aplikan klas 7yèm ak 9yèm yo nan fen mwa Avril oswa nan kòmansman mwa Me a. Y ap voye tout lòt deziyasyon klas 7yèm ane yo nan fen mwa Me a, apre yo fin finalize envitasyon nan lekòl egzamen yo. Sa rive akòz kantite elèv ki elve k ap fè tranzisyon antre nan yon nouvo lekòl nan klas 7yèm, ni alafwa nan lekòl egzamen ak lekòl ki pa lekòl egzamen yo. Nou vle asire tout fanmi yo gen opòtinite pou yo asire yon plas nan youn nan lekòl yo prefere yo. Yo te voye deziyasyon klas 9yèm nan lekòl ki pa lekòl egzamen pou ane lekòl 2022-2023 a tou. Tanpri, sonje deziyasyon sa yo p ap gen enpak sou admisyon oswa envitasyon nan lekòl egzamen yo. Y ap toujou konsidere elèv ki nan rezèv elijiblite nan lekòl egzamen yo pou yon envitasyon menm si yo resevwa oswa aksepte yon deziyasyon pou yon lòt lekòl BPS. Y ap bay detay sipleman nan mwa Jen an, ansanm ak elijiblite pou transpò, orè pou fanmi ki jwenn deziyasyon bis yo (pou elèv ki elijib pou bis yo), ak fason pou yo soti nan sèvis transpò bis la si w pa bezwen li. Pou jwenn enfòmasyon sou elijiblite Transpò BPS la, tanpri, ale sou www.bostonpublicschools.org/transportation oswa rele Liy Asistans Telefonik Transpò nan 617-635-9520.

Menm si nou sanble nan kòmansman Prentan, Ete a pa lwen rive, ansanm ak lè pou kòmanse planifye aprantisaj pandan ete elèv ou a, opòtinite pou anrichisman ak travay oswa estaj la disponib kounye a. Ete sa a, BPS pral, yon lòt fwa ankò, founi yon seri pwogram pou elèv yo kapab gen aksè ak sèvis sipò, rekouvremant akademik ak inisyativ akselerasyon, ansanm ak lòt aktivite pou anrichisman. Pwogram sa yo ap baze sou lekòl la, patnè ansanm ak aktivite yo pandan y ap desèvi tout katye ak ofri yon pakèt opòtinite an pèsòn ak opòtinite adistans. Anplis de pwogram aprantisaj pandan ete BPS ofri yo, nou fè piblikasyon "Bagay pandan Ete" tou sou yon fòm anliy sou sitwèb nou an. "Bagay pandan Ete" a dekri tout opòtinite ki posib pou elèv

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

6 Avril 2022

yo nan twa domèn prensipal ki gen ladan yo: pwogram eskolè ak pwogram patenarya, kan ak aktivite lwazi, ak anplwa, estaj ansanm ak opòtinite volontè. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon ansanm ak yon lis konplè ki gen opòtinite pandan ete ki disponib pou elèv ou yo sou sitwèb nou an nan www.bostonpublicschools.org/summer. Sou sitwèb la, w ap jwenn tou kèk egzanp videyo ki dekri kijan yon ete nan BPS ta ka parèt pou elèv ou a. Kòmanse fè planifikasyon pou ete pitit ou a, jodi a menm!

Dènyeman an, antanke yon brèf rapèl, 19 Avril 2022 se Rekreyasyon pandan Prentan pou Lekòl Piblik Boston yo. Pran tan sa pou pwofite sezon prentan k ap vini an, detann ou, rafrechwi w epi prepare w pou retounen lekòl epi fini rès ane lekòl djanm!

Si w ap chèche aktivite pou anrichisman pou elèv yo kapab patisipe ladan yo pandan Rekreyasyon pandan Prentan, tanpri, ale sou sitwèb BPS la nan www.bostonpublicschools.org/April. Pou jwenn enfòmasyon siplemantè sou nenpòt nan pwogram nou mansyone sou sit nou an, tanpri, kontakte kowòdonatè pwogram yo. Pwofite konje w! Kòm yon brèf rapèl, kalandriye BPS la pou ane lekòl 2022-2023 a disponib kounye sou sitwèb BPS la nan www.bostonpublicschools.org/calendar.

Antanke Sipè-entandan sa a se tout rapò m pou aswè a.

Chèf Enterimè pou Avansman Familyal ak Kominotè a Denise Syder te klarifye pou Madam Lopera ke kantite enskripsyon nan klas K0 ak K1 yo prezante yo pa pran an konsiderasyon patenarya distri a avèk òganizasyon kominotè yo. Madam Lopera te mande kijan yo pran desizyon yo sou opòtinite aprantisaj pandan ete yo. Sipè-entandan te site yon kantite faktè detèminan, ki gen ladan yo ane pwolonje pou elèv ki gen bezwen espesyal yo ansanm ak konsiderasyon ki lye ak etablisman yo. Madam Lopera te poze kesyon sou objektif elèv yo desèvi yo. Madam Snyder te di BPS prepare l pou l desèvi jiska 15,000 elèv pandan ete sa a. Sipè-entandan an ansanm ak ekip li a pral bay Komite a yon rapò konplè sou aprantisaj pandan ete a alavni pandan prentan sa a. Distri sa gentan kòmanse efò sansibilizasyon l yo.

Doktè Alkins te mande si ekip sekirite lekòl la pral reyini pandan ete a. Sipè-entandan te di li pral fè rekòmandasyon sa a. Doktè Alkins te mande klarifikasyon sou pwosesis deziyasyon pou elèv yo. Madam Snyder te eksplike yon algoritm atribye nonb yo epi yo konsidere chwa fanmi yo. Li te poze kesyon sou plan pou Akademi Akselerasyon ann Avril yo. Doktè Echelson te di seyans Avril la pral konsantre sou matematik epi li te fè konnen enskripsyon pou seyans Avril la ogmante pa rapò ak mwa Fevriye a, avèk plis pase 70 lekòl k ap patisipe.

Mesye Cardet-Hernandez te mande si BPS te wè gen yon ogmantasyon ki fèt nan kantite ensidan sou sekirite yo nan lekòl yo. Sipè-entandan an te di done yo endike kantite ensidan yo similè ak yon ane òdinè. Li te fè konnen lekòl yo an sekirite epi li te mete aksan sou enpòtans ki genyen nan patenarya avèk Vil la, Depatman Polis Boston nan, ansanm ak MBTA.

Mesye Cardet-Hernandez te mande si gen kèk efò distri a fè pou inivèsalize pwosesis aplikasyon enskripsyon an pou fanmi yo. Sipè-entandan an te pale sou enpòtans ki genyen nan efò ki kowòdone yo epi li ofri yon sistèm livrezon miks pou asire timoun yo byen byen kòmanse.

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

6 Avril 2022

Mesye O'neil te remake gen yon eka ant remak vèbal Sipè-entandan an epi tablo ki te afiche nan ekran an ilistre notifikasyon sou deziyasyon lekòl yo pou klas 6yèm, 7yèm ak 9yèm ane. Madam Snyder te konfime y ap voye envitasyon nan lekòl egzamen pou aplikan klas 7yèm ak 9yèm yo nan fen mwa Avril oswa nan kòmansman mwa Me a. Y ap voye tout lòt deziyasyon klas 7yèm ane yo nan fen mwa Me a, apre yo fin finalize envitasyon nan lekòl egzamen yo. Sa rive akòz kantite elèv ki elve k ap fè tranzisyon antre nan yon nouvo lekòl nan klas 7yèm, ni alafwa nan lekòl egzamen ak lekòl ki pa lekòl egzamen yo. Nou vle asire tout fanmi yo gen opòtinite pou yo asire yon plas nan youn nan lekòl yo prefere yo. Yo te voye deziyasyon klas 9yèm nan lekòl ki pa lekòl egzamen pou ane lekòl 2022-2023 a tou. Madam Snyder te di li t ap korije dyaporama a epi l ap afiche l ankò sou sitwèb BPS la. Mesye O'Neil te repete demann avan li a pou distri a kapab pibliye envitasyon lekòl egzamen yo pi vit ke posib pou ogmante kwayans ak transparans avèk fanmi yo.

Madam Polanco Garcia te di li aprann de fanmi ki enkyete yo pou menas miz an sekès eta a. Sipè-entandan an te di li prevwa resevwa yon rapò preliminè Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè MA (DESE) bay nan kòmansman rive nan mitan mwa Me a. Apresa, anplwaye BPS yo pral korije vrè erè yo avan yo pibliye rapò final la nan fen mwa Me a.

Madam Cardet-Hernandez te poze kesyon sou kapasite pwogram edikasyon prekòs yo. Li te poze kesyon sou aplikasyon nan lekòl egzamen yo ak sou enskripsyon nan lekòl segondè yo. Sipè-entandan te fè konnen li prevwa yon "kantite nòmal" nan enskripsyon nan lekòl egzamen yo pandan BPS ap amelyore kalite lekòl la nan tout lekòl segondè yo. Mesye Carder-Hernandez te sijere Komite a egzamine done sou demann lekòl la. Sipè-entandan te fè konnen l ap prezante yon rapò konplè sou aplikasyon règleman nan lekòl segondè yo nan Komite Lekòl nan mwa Jen an, epi li pral mande ekip la pou yo montre modèl enskripsyon nan lòt lekòl segondè yo. Mesye Cardet-Hernandez te mande Komite a pou yo resevwa done sou demann yo pou lekòl ki pa lekòl ki pa lekòl egzamen yo, ansanm ak pwogram edikasyon prekòs ak pwogram edikasyon espesyal yo. Madam Snyder te dakò pou fè swivi.

Doktè Alkins te sijere Kominote a pou l egzamine sistèm deziyasyon pou elèv yo epi li chèche zòn ki gen ogmantasyon segregasyon yo. Sipè-entandan te fè konnen yon analiz sou sistèm deziyasyon pou elèv la ap reprezante yon travay enpòtan pou pwochen sipè-entandan an.

Madam Robinson te pale sou sekirite lekòl la epi li te mande ki mekanis distri a te mete an plas pou kenbe elèv yo nan batiman yo pandan jounen lekòl la. Sipè-entandan te fè konnen ke chak grenn lekòl gen yon plan sekirite endividyèl. Li te pwopoze anplwaye yo fè yo swivi pou l kapab jwenn plis enfòmasyon. Chèf Enterimè pou Sipò Elèv la Neva Coakley Grice te fè konnen si elèv yo kite espas lekòl yo san otorizasyon, y ap aplike Kòd Konduit la.

Madam Robinson te mande si tout elèv yo pral gen yon plan pou ete. Sipè-entandan an te reponn se yon objektif eksitan pou n asire tout elèv yo okouran de opòtinite aprantisaj pandan ete yo.

Apwouve- Pa apèl, Komite a ansanm te apwouve Rapò Sipè-entandan an.

6 Avril 2022

RAPÒ

Mizajou sou Pwosesis Rechèch Sipè-entandan an - Madam Lopera a ki se ko-prezidan Komite Rechèch Sipè-entandan an te pataje yon mizajou sou pwosesis rechèch sipè-entandan epi li te prezante yon rekòmandasyon pou seleksyon antrepriz rechèch kad la ak sou deskripsyon travay sipè-entandan an.

Rekòmandasyon Antrepriz Rechèch Kad la:

Komite a te resvwa sèt repons nan RFP a pou yon antrepriz rechèch kad. Yon komite evalyasyon RFP te revize pwopozisyon yo epi yo te jije twa nan sèt yo te vrèman avantajye. Pami twa antrepriz yo te pase entèvyou yo, komite a te detèmine gen youn ki ofri solisyon ki pi avantajye a ki atenn epi ki depase objektif Lekòl Piblik Boston yo: One-Fourth Consulting LLC/JG Consulting. Ekip Evalyasyon an te enpresyone de eksperyans JG nan fè rechèch sipè-entandan an, sitou nan distri ki gen menm jan ak Boston yo tankou rechèch direktè pou Distri Austin Independent School la. Pwopozisyon pri total One-Fourth Consulting LLC/JG Consulting te nan \$75,000, san vwayaj pou kandida sipè-entandan pa ladan l, elatriye, sa ki te konparab avèk lòt de finalis yo. Apre yon vòt Komite Lekòl la te fè, si Komite Lekòl la otorize BPS pou l antre an kontak avèk JG, ebyen y ap mete tout pwopozisyon yo disponib pou piblik la, jan pwosedi RFP a rekòmande sa a.

Madam Lopera te prezanre pou konsiderasyon Komite a Deskripsyon Travay Sipè-entandan an. Komite Rechèch la te apwouve, ansanm, deskripsyon travay la nan dat ki te 5 Avril la, pandan yo konprann ke Komite Lekòl la ak/oswa antrepriz rechèch la ka chwazi fè modifikasyon an sifas pou l rafine dokiman yo avan yo afiche e pibliye yo piblikman.

Mizajou prensipal yo gen ladan yo:

- Pi gran konsantrasyon sou ankourajman ekite, sou eliminasyon eka ki genyen nan opòtinite ak nan akonplisman, pou satisfè bezwen elèv miltileng yo ak elèv ki genyen andikap yo, epi fè yon swivi dosye ki apwouve oswa reyalize rezilta ki solid pou tout elèv yo
- Yon konsantrasyon sou vrè angajman nan fanmi ak nan kominote ki santre sou kominikasyon transparan
- Souliye sijè espesifik ki te abòde pandan sesyon Ekout piblik la, tankou: retablisman de pandemi COVID-19 la; sèvis transpò ki fyab epi ki solid sou plan fiskal; planifikasyon enstalasyon ki elaji aksè nan kalite; divèsite manm pèsònèl; anviwònman lekòl ki sekirize epi ki akeyan; ak ansèyman ki ekitab nan alfabetizasyon
- Site Eksperyans Prefere a, tankou eksperyans pandan l ap sèvi antanke yon lidè distri pou yon distri ki similè; eksperyans pandan l ap fè patenarya avèk komite a pandan pandemi COVID-19 la; familiarite avèk rejyon Boston nan; ak miltilengis avèk yon preferans pou metriz nan youn oswa plis nan 9 lang prensipal Distri a

Komite Rechèch la te òganize kat sesyon ekout kominotè adistans: De seyans jeneral, yon seyans kote yo pale Panyòl ak yon seyans ki konsantre sou elèv la. An total, gen plis pase 1300 moun ki enskri ak plis pase 770 patisipan ki te patisipe nan kat seyans yo. Yo afiche videyo

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

6 Avril 2022

seyans yo, ansanm ak konvèsasyon yo, sou paj wèb Rechèch Sipè-entandan an bostonpublicschools.org/supt-search. Epitou, y ap aksepte soumisyon tèks ak temwanyaj videyo yo sou paj wèb rechèch la. Apati 12 p.m. jodia, Komite a te resevwa 473 repons pou sondaj la. Sondaj la ap rete louvri jiska 15 Avril. Ou kapab voye kòmantè pa imèl nan superintendentsearch@bostonpublicschools.org.

Sa pral ede enfòmè sou kesyon nan entèvyou yo epi pou yo finalman konsidere kandida yo. Madam Lopera te apresye fidbak ak kòmantè kontini kominote a.

Mesye Cardet-Hernandez te mande si JG Consulting te fè kèk rechèch nan New England oswa nan rejyon ki menm jan ak BPS la. Mesye O'Neil te fè konnen JG te fè de rechèch oparavan pou Lekòl Piblik Boston nan epi li te dezyèm finalis pou rechèch sipè-entandan BPS la. Epitou, JG te fè yon rechèch sipè-entandan pou Austin, TX ki se yon distri ki nan menm gwosè ak BPS.

Mesye O'Neil te deklare atravè prezidan konsèy kad Konsèy Lekòl Gran Vil yo, ansanm ak manm Komite Lekòl Boston la ki te bay sèvis li nan ta komite rechèch sipè-entandan an, li te gen entèraksyon avèk pifò antrepriz rechèch ki te reponn ak RFP pou yon antrepriz rechèch kad, ansanm ak twa finalis. Li te fè konnen li gen yon amitye pwofesyonèl avèk Richard Carranza, ansyen prezidan konsèy administrasyon CGCS ansanm ak manm kò pwofesoral aktyèl la ki nan JG Consulting. Mesye O'Neil te fè konnen pandan pa gen okenn konfli enterè, li te vle mete Komite a ansanm ak piblik la okouran de relasyon an.

Mesye Cardet-Hernandez te deklare li te travay avèk Mesye Carranza oparavan nan Lekòl Piblik New York yo epi li pa t gen kominikasyon resan avèk li.

Madam Lopera te klarifye pou Madam Robinson ke y ap mande Komite Lekòl la vote nan deskripsyon travay final sipè-entandan an pandan li konprann ke antrepriz rechèch la ka fè modifikasyon an sifas pou l rafine dokiman an.

Mesye O'Neil te remèsye tout moun ki te patisipe nan seyans ekout yo, pandan li note yo aplike kòmantè kominote a nan deskripsyon travay yo revize a.

Madam Lopera te rezime pou Doktè Alkins tout mizajou Komite Rechèch la fè nan deskripsyon travay 2018 la, ansanm ak pi gwo enfaz sou ekite, pandan l ap vin tounen yon distri anti-rasis, eksperyans nan bay aprenan miltileng yo sèvis, elèv ki gen bezwen espesyal yo, aprenan miltileng ki bezwen espesyal yo, evolasyon distri a nan direksyon plis ansèyman lang natif, ak bilengwis, eliminasyon opòtinite ak lakin nan reyisit, ansanm ak rekouvremant COVID. Mesye O'Neil te ajoute kominote eksprime yon preferans pou yon moun ki gen eksperyans antanke yon edikatè epi fòk li byen konnen vil Boston.

Mesye Cardet-Hernandez te fè konnen distri a dwe kreye kondisyon pou pwochen sipè-entandan an kapab fè siksè.

KÒMANTÈ PIBLIK LA AN JENERAL

Moun ki vini annapre yo te bay temwanyaj sou negosiyasyon konvansyon kolektif ant Lekòl Piblik Boston/Komite Lekòl Boston ansanm ak Sendika Pwofesè Boston (BTU) yo.

6 Avril 2022

- Jessica Tang, rezidan e prezidan Dorchester, Sendika Pwofesè Boston yo, te soumèt yon petisyon: Lekòl yo ansanm ak Merit Elèv Boston ki sou Kontra yo
- Thy Nguyen, rezidan Dorchester e elèv Excel High School
- Kayla Quinlan, rezidan Dorchester e elèv Boston & Evening Academy
- Pamela Rose, rezidan Dorchester e paran BPS
- Michael Maguire, rezidan West Roxbury e pwofesè Boston Latin Academy
- Chantei Alves, rezidan Roslindale e pwofesè BPS
- Anne Mosley, rezidan Jamaica Plain e paran Young Achoevers Math anf Science School
- Bonnie McBride, rezidan Jamaica Plain e pwofesè Fenway High School
- Melanie Miranda, rezidan Dorchester e para-pwofesyonèl Eliot K-8 Innovation School
- Toni Robinson, rezidan Roslindale e pwofesè BPS

Moun ki vini annapre yo te temwanye an favè Mission Hill K-8 School:

- Nathniel Iliff, rezidan Jamaica Plain, ansyen elèv Mission K-8 School
- Violet Kaney, rezidan Jamaica Plain
- Jessica Berwick, rezidan Jamaica Plain, paran nan Mission K-8 School
- Allison Cox, rezidan Jamaica Plain e paran nan Mission Hill K-8 School
- Virginie Esain, rezidan Jamaica Plain e paran nan Mission Hill K-8 School
- Lonn Drucker, rezidan Jamaica Plain e paran nan Mission Hill K-8 School
- Ashley Hannah, rezidan Mattapan e paran nan Mission Hill K-8 School
- Andy Crowe, rezidan West Roxbury e paran nan Mission Hill K-8 School
- Peggy Wiesenber, rezidan Jamaica Plain e ansyen paran nan BPS

Moun ki vini annapre yo te bay temwanyaj yo sou plan distri yo pou yo ajoute klas 6yèm ane nan Summer Elementary School:

- Rachel Young, rezidan Roslindale e paran nan Summer Elementary School
- Allison Friedmann, rezidan Roslindale e paran nan Summer Elementary School
- Lauren Peter, rezidan Roslindale e paran nan Summer Elementary School
- Elizabeth Ferrenz, rezidan Roslindale e paran nan Summer Elementary School

Moun ki vini annapre yo te bay temwanyaj yo sou plan pou etablisman alontèm yo pou Horace Mann School for the Deaf and Hard of Hearing (HMS):

- Charlie Kim, rezidan North End e paran HMS
- Roseanna Jones, rezidan Holliston e pwofesè HMS
- Mary Simmons, rezidan Belmont e pwofesè HMS

- Karina Gonzalez, rezidan Roxbury e manm Sociedad Latina, te temwanye an favè pratik pou jistis restorasyon yo.
- Brithany Quinonez, rezidan East Boston e manm Sociedad Latina, te temwanye an favè etid etnik yo.
- O'Ryan Gomez, rezidan Dorchester e manm Sociedad Latina, te temwanye an favè pratik pou jistis restorasyon yo.
- Jahira Taveras, rezidan Hyde Park e manm Sociedad Latina, te temwanye an favè etid etnik yo.
- Mike Heichman, rezidan Dorchester e manm Alyans Jistis nan Edikasyon Boston (Boston Education Justice Alliance, BEJA) te bay temwanyaj yo sou rechèch sipè-entandan an.

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

6 Avril 2022

- John Mudd, rezidan Cambridge e avoka, te bay temwanyaj yo sou deskripsyon travay sipè-entandan an.
- Edith Bazile, rezidan Hyde Park e avoka, te bay temwanyaj li sou rechèch sipè-entandan an.
- Jules DeVasto, rezidan Dorchester ak UP Academy Dorchester, te temwanye an favè Schedule A Pay.
- Sharon Hinton, rezidan Hyde park e avoka, te bay temwanyaj li sou entèvansyon eta a ak rechèch sipè-entandan an.
- Gordon Cundiff, rezidan Charlestown e paran Warren-Prescott K-8 School, te bay temwanyaj li sou sekirite lekòl la.
- Teresa Castro Pregizer, rezidan Roxbury e paran nan Nathan Hale Elementary School, te temwanye an favè pwofesè Aaliyah Turner.
- Ruby Reyes, rezidan Dorchester e direktè egzekitif Alyans Jistis Edikasyon nan Boston, te temwanye kont miz sou sekès eta a.

AKSYON

Doktè Alkins te poze sou Sibvansyon pou Planifikasyon MassStep la ak sou relasyon ki genyen ant anplwayè potansyèl ak aprenan adilt y ap bay konsèy yo. Direktè Sibvansyon ak Fon Ekstèn yo Yvonne Macrae te fè konnen li t ap mande Direktè Prensipal Edikasyon Adilt Kristen D'Avolio pou l fè swivi.

Apwouve - Nan apèl la, Komite a te apwouve ansanm Sibvansyon pou Apwobasyon ki Totalize \$115,174.

Apwouve- Nan apèl la, Komite a te apwouve sekeksyon One-Fourth Consulting/JG Consulting pou sèvi kòm Antrepriz Rechèch Kad pou Sipè-entandan Lekòl Piblik Boston yo. Mesye Cardet Hernandez ak Mesye O'Neill toude te fè abstansyon pou evite gen yon konfli enterè, pwiske yo toude te travay oparavan avèk Richard Carranca, ki se yon manm nan kò pwofesoral la nan JG Consulting. Tout lòt manm yo te vote wi.

Deskripsyon Travay Sipè-entandan an, jan Komite Rechèch Sipè-entandan an apwouve sa a.

RAPÒ

Pèman Pwovizwa Salè yo ak Non Pèsonèl yo sou Fon Eksteryè - Doktè Yvonne Macrae, direktè Sibvansyon ak Fon Eksteryè yo, te prezante demann Sipè-entandan an pou apwobasyon yon òd peman enterimè pou pèsonèl ki touche nan fon eksteryè yo, ansanm ak depans ki pa lye ak pèsonèl la. Yo prevwa alouwe sibvansyon sa yo pou Ane Fiskal 2023 a epi y ap soumèt yo pou apwobasyon nan pwochen reyinyon Komite Lekòl la, padan y ap alouwe yo. Yo mande lòd sa chak ane nan moman sa a akoz reta nan resepsyon lèt alokasyon fon eksteryè yo epi yo te finalize bidjè ki soti nan divès sous finansman. Lòd la pral otorize distri a, nan ka yo jije ki pa gen risk yo, mande Odite Vil la apwouve peman salè enterimè pou pèsonèl distri a epi li pèmèt depans ki pa lye ak pèsonèl yo, pandan y ap tann pou yo resevwa fon eksteryè yo. Sizanka yo pa alouwe yon sibvansyon, fon jeneral la pa pral kouvri okenn depans ki fèt. Komite pa t gen kesyon. Yo prevwa yon 27 Avril 2022.

6 Avril 2022

Pwojè Reparasyon Akselere Debaz ki Revize pou Otorizasyon pou Konstriksyon Lekòl Massachusetts yo - Responsab Finansyè a Nate Kuder te prezante deklarasyon enterè (SOI yo) pou Pwogram Debaz pou Otorizasyon Konstriksyon Lekòl Massachusetts 2022 (Massachusetts School Building Authority, MSBA) a, ki bay ranbousman eta pou pwojè pou konstriksyon lekòl yo ki kouvri reparasyon enpòtan, renovasyon, adisyon/renovasyon, ansanm ak konstriksyon nouvo lekòl. Sipè-entandan an rekòmande pou yo soumèt SOI yo pou lekòl Blackstone ak Otis yo (Paris St Parcel). Epitou, li rekòmande pou yo re-soumèt SOI yo pou Pwogram Reparasyon Akselere (ARP) ki vini annapre a: Pwojè, ki kouvri reparasyon oswa ranplasman twati, fenèt/pòt, ak chodyè nan yon etablisman ki kontrèman solid sou plan estrikti.

- Burke, Curley, Haley - Chodyè
- Henderson Upper and Ohrenberger - Ranplasman Twati
- English High School - Ranplasman Twati ak Fenèt

Si Komite Lekòl Boston nan ansanm ak Konsèy Vil Boston nan apwouve SOI yo, MSBA pral revize soumisyon nan Ete-Otòn 2022 a avan yo pran yon desizyon sou alafwa soumisyon ARP ak CORE SOI yo nan fen otòn 2022/kòmansman ivè 2023. Komite a planifye pou l vote nan rekòmandasyon k ap fèt 27 Avril yo.

Sou demann Madam Lopera, Mesye Kuder te eksplike ke delè mwayen pou pwojè MSBA Core yo fini se 5-7 lane.

Mesye Carder-Hernandez te poze kesyon sou estati Horace Mann School for the Deaf and Hard of Hearing. Mesye Kuder te fè konnen poutèt MSBA pa t aksepte pwopozisyon Horace Mann School la, BPS ap travay avèk Vil la pou l sipòte pwojè a pandan l ap itilize finansman kapital la.

Doktè Alkins te pale sou(sic) kòman BPS jere pwojè paralèl yo. Chèf Fonksyonman an Indy Alvarez te pale sou kòman BPS jere plizyè pwojè ki nan diferan nivo.

Madam Lopera te mande kòman pwojesyon enskripsyon yo gen enpak sou planifikasyon etablisman. Mesye Kuder te pale sou bezwen jeneral pou modènaizasyon fèt nan bilding yo toupatou nan distri a. Konseye Prensipal Megan Costello te pale sou travay sou evalyasyon kondisyon etablisman ki an kou an.

Mesye Carder-Hernandez te pale sou enpòtans pou n gen yon plan konplè alontèm pou etablisman yo ak pou l angaje l nan priz desizyon ki baze sou done yo. Mesye O'Neil te mete aksan sou enpòtans yon plan direktè pou etablisman.

Madam Robinson te poze kesyon sou plan pou etablisman yo pou McKinley Schools. Sipè-entandan an te fè konnen y ap priyore McKinley Schools ansanm ak Madison Park Technical Vocation High School nan pwochen bidjè kapital la.

Renouvèlman Kontra Transpò Transdev - Direktè Transpò a Delavern Stanislaus te prezante rekòmandasyon Sipè-entandan yo pou yo akòde yon pwolongasyon kontra yon lane pou founisè transpò BPS Transdev la. Pwolongasyon an t ap dire soti 1ye Jiyè 2022 rive 20 Jen 2023. BPS

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

6 Avril 2022

gen yon kontra senk lane avèk Transdev ki kòmanse depi Jiyè 2013. Kontra a vini avèk senk opsyon renouvèlman pou yon lane. Madam Stanislaus te eksplike chanje operatè bis yo pandan gen yon pandemi ki an kou, yon mank mendèv nasyonal, ansanm ak yon tranzisyon sipè-entandan pa t ap nan pi bon enterè elèv yo ak fanmi yo. BPS kontinye priyore estabilite ak fyabilite avèk Transdev pandan ete ak otòn sa a. Sipè-entandan an rekòmande pou yo lanse yon apèl dòf pou kontra pou Ane Fiskal 2024 la.

Madam Lopera te poze kesyon sou pwèn sansib pou atenn pèfòmans atan nan kòmansman ane lekòl la. Madam Stanislaus te pale sou travay kolaborasyon ant distri yo pou amelyore pèfòmans atan. Doktè Cassellius te pale sou fason difikilte transpò nan distri a te konplèks epi li te montre li ret kwè pwochen sipè-entandans pral kapab abòde pwoblèm sa yo.

Mesye Cardet-Hernandez te mande jwenn done sou pèfòmans atan lezapremidi distri a. Madam Stanislaus te dakò pou fè swivi. Sipè-entandan an te fè konnen gen yon opòtinite pou elèv lo gradye nan pwogram pwofesyonèk ak teknik BPS yo pou yo kapab ranpli mank chofè ki genyen nan distri a.

Doktè Alkins te poze kesyon sou pwosesis piu chèche yon nouvo founisè transpò. Madam Stanislaus ste fè konnen distri a prevwa lanse yon Apèl Dòf (IFB) disi fen ete a, pandan li ajoute y ap konsidere ide manm kominote a.

KOMANTÈ PIBLIK LA SOU RAPÒ YO

- Edith Bazile, avoka, te pale sou enpòtans pou genyen yon plan akademik ki solid pou pwochen ane lekòl la ansanm ak jistis nan ekite rasyal.

NOUVO BIZNIS

Mesye O'Neil te fè konnen li espere aprann de plan pou inivèsite Madam Mercer a.

REPÒTE

Apwouve - Anviwon 10:15 pm, Komite a te vote a inanimite, pa yon apèl nominal, pou ranvwaye reyinyon an.

Ateste:



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitif